

## **KESYON YO POZE SOUVAN SOU PWOGGRAM FON DIJANS LA**

### **Kisa Pwogram Fon Dijans pou Chofè Taksi, Jitney ak Limouzin ye?**

Pwogram Fon Djans la (EFP) se yon pwogram finansman Konsèy Komisyonè Konte a te apwouve espesyalman pou chofè taksi, jitney ak limouzin, ki sèvi avèk \$10,000,000.00 fon ki disponib nan fun Lwa Federal CARES la. Objektif pwogram lan se regle pwoblèm razè difikilte ekonomik a kout tèm atravè asistans finansye pou biznis ak depans òdinè. Yo va kalkile montan EFP a sou depans elijib ki fèt, ak yon prim maksimòm \$5,000 pa chofè.

### **Ki moun ki ka aplike pou finansman nan kad pwogram sa a?**

Chofè taksi, jitney ak limouzin Miami-Dade ki gen lisans apati 1ye mas 2020, ki te fè eksperyans yon gwo pèt revni, ki vin san travay, ki gen twò piti travay ak/oswa ki fè depans inatandi akoz COVID-19 la, yo ka aplike pou asistans anba pwogram sa a. Yo va bay priyore a chofè yo pat apwouve oswa ki te resevwa lajan yon enstitisyon anba Pwogram Pwoteksyon Prè pou Salè a (PPP), lòt pwogram federal oswa pwogram prè Eta pou ede biznis.

### **Ki chanjman ki te aplike pou pwogram sa a apati 27 oktòb 2020?**

- Chak chofè taksi, jitney, ak chofè limouzin ki gen lisans ki soumèt yon novo aplikasyon oswa ki deja aplike va resevwa yon sibvansyon \$550 pou bezwen debaz.
- Montan maksimòm sibvansyon yon chofè kalifye ka resevwa te ogmante soti \$2,800 rive \$5,000.
- Dat limit aplikasyon an te pwolonje jiska 15 novanm.

### **Kijan pou mwen jwenn aplikasyon an?**

Pou w jwenn aksè a Pwogram Fon Dijans la ou dwedabò kreye yon kont ak miamidade.gov. Pou kreye yon kont kliké sou <https://accounts.miamidade.gov/myaccount/>. Yon fwa ou anrejistre, ou va jwenn yon imel konfirmasyon ak yon lyen pou w antre sou kont la.

### **Kisa mwen bezwen pou mwen ouvè yon kont sou miamidade.gov?**

Ou va bezwen yon adrès imel ki valid epi ou dwe kreye yon modpas. Modpas la sansib a dimansyon lèt yo. Ou dwe bay non, adrès kay ak nimewo telefòn ou.

### **Èske mwen kapab aplike an pèsòn?**

Non. Aplikasyon an disponib sèlman sou entènèt lè w gen aksè a [aplikasyon sou entènèt](#) Pwogram Fon Dijans lan. Aplikasyon an disponib nan lang angle, panyòl ak kreyòl.

### **Èske mwen ka tcheke avansman aplikasyon mwen an?**

Wi, ou ka tcheke avansman aplikasyon w lan sou [aplikasyon sou entènèt](#) Pwogram Fon Dijans lan.

### **Ki dat limit pou moun aplike?**

Dat limit pou moun aplike a se vandredi 15 novanm 2020.

**Kisa mwen ka fè si yo te deja refize aplikasyon mwen oswa mwen kwè ke mwen pat resevwa yon ranbousman konplè pou depans mwen yo?**

Anplwaye Divizyon Regilasyon Transpò Pasaje DTPW (PTRD) ap kontakte chofè ki te deja aplike pou detèmine elijibilite yo pou montan maksimòm asistans finansye \$5,000 a. Yo va bay aplikan yo opòtinite pou yo soumèt dokiman adisyonèl anvan dat limit 15 Novanm pwogram lan.

**Ki dokiman mwen dwe soumèt pou mwen kalifye pou pwogram sa a?**

Ou dwe soumèt dokiman sa yo nan moman aplikasyon an. Tout dokiman ki telechaje yo dwe nan fòma PDF nan moman aplikasyon an. Dokiman Word, jpeg ak foto pa akseptab. Pa gen telechajman ki ka pi gwo pase 2 mb. Si ou pa fè sa, sa va lakòz aplikasyon an pa soumèt oswa yo ka refize li. Dokiman aore yo obligatwa:

- Yon kopi Anrejistreman Chofè Konte Miami-Dade pou w kondui yon taksi, yon jitney, oswa yon limouzin.
- Ranpli Fòm W-9 la. Ou dwe siyen ak date fòm lan.

**Ki dokiman depans ranbousab yo aksepte?**

Tout aplikan ki kalifye va resevwa yon sibvansyon de baz \$550.00. Sepandan, pou detèmine montan rès fon an (jiska yon maksimòm \$5,000.00) ou dwe bay dokiman adisyonèl pou depans ki kalifye soti **1ye mas 2020 jiska 1ye desanm 2020** ki ka gen ladan:

- Deklarasyon taks 2019; si 2019 pa disponib, soumèt 2018
- Chofè taksi yo ka bay relve vwayaj endividylek ki soti nan konpayi taksi/kat kredi depi konpayi 2019 ak 2020 ki ka reflete pèt revni akòz enpak ekonomik pandemi COVID-19 la.
- Si ou posede oswa lwe machin transpò patikilye, bay Anrejistreman Veyikil aktyèl la.
- Relve labank (avril, me ak jen 2019 ak avril, me, ak jen 2020) ak/oswa relve kat kredi. Yo ta dwe make depans ki kalifye yo, epi yo ta dwe mete yon deskripsyon tou kout sou depans sa yo.
- Kontra lwave/lokasyon ki tou siyen oswa relve ipotèk.
- **100% Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl Ranbousab** - acha PPE ak lòt depans asosye ki nesesè pou konfòme avèk direktiv CDC oswa lòd sekirite COVID-19 Konte Miami-Dade; prèv acha atravè yon resi, oswa fakti ki tou peye.
- **100% Ranbousab Depans Fonksyònman Veyikil-** Asirans, Antretyen Veyikil, Peman lokasyon Veyikil; gaz, lòt depans ki gen rapò a biznis ki ka fòmèlman dokimante nan fakti ak resi.

- **100% Lòt Depans Rambousab** - fakti sèvis publik, frè lisans ak enspeksyon, asirans, ak lòt depans ki nesesè pou kenbe biznis la operasyonèl, epi satisfè obligasyon sekirite lokal, Eta , ak federal yo; prèv peman atravè resi, fakti ki peye, oswa chèk anile
- **100% Lwaye oswa Ipotèk Rambousab** - prèv peman atravè yon resi, oswa chèk anile; si gen reta sou peman, yon lèt notarye ki soti nan men mèt kay la oswa kreditè a ki deklare konbyen mwa reta/defo ak dat espesifikobligatwa yo.

**Remak:** Chofè taksi yo ka bay relve vwayaj endividyle ki soti nan konpayi taksi/kat kredi pandan menm peryòd 2019 ak 2020 an pou montre pèt revni de ane a ane.

Pou kesyon konsènan EFP oswa pwosesis aplikasyon an, voye yon imèl bay Divizyon Regilasyon Transpò Pasaje nan ptrdmail@miamidade.gov oswa rele 786-469-2300.